

ENFÒMASYON SOU TIT IV  
HAITIAN CREOLE

# Pwoteksyon Dwa Ou



Massachusetts Bay Transportation Authority

## **Kisa Tit VI ye?**

Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil (Civil Rights Act of 1964) se yon lwa federal ki deklare yo pa dwe fè diskriminasyon kont pèsòn oswa refize yon moun avantaj sou baz ras moun lan, koulè li, oswa peyi kote li fèt, nan pwogram ak sèvis ki resevwa bourad lajan gouvènman federal la. Pou nou si kliyan MBTA yo pa viktim diskriminasyon, nou adopte règleman pou ankouraje tout kliyan yo jwenn menm aksè ak bon kalite sèvis.

## **Kisa Tit VI Vle Di pou Ou?**

Biwo transpò piblik yo, tankou MBTA, genyen obligasyon pou ofri sèvis nan manyè san patipri ak menm jan pou tout pasaje yo san konsiderasyon ras yo, koulè yo, oswa peyi kote yo fèt. Tit VI egzije MBTA tou pou li diminye baryè lang ki kapab nwizib pou kliyan ki pa maton nan lang Angle yo jwenn aksè nan sèvis enpòtan yo.

Anplis obligasyon Tit VI genyen lòt lwa ki bay menm pwoteksyon san konsiderasyon si yon moun se gason oswa fanm, relijyon li, laj li, enfimite li, preferans seksyèl li oswa lòt sitiyasyon pwoteje.

MBTA genyen yon règleman zewo tolerans (pa tolere ditou) kont tout fòm diskriminasyon ilisit.

## **Ki sèvis ki disponib pou kliyan ki pa maton nan lang Angle?**

Selon Tit VI, kliyan ki pa maton nan lang Angle genyen dwa pou yo jwenn asistans nan jwenn enfòmasyon enpòtan MBTA. Sou demand, nou kapab tradui dokiman yo an plizyè lang, tankou: Panyòl, Chinwa, Italyen, Kreyòl ayisyen, ak Kreyòl Kapvè.

Answit:

- Nouvo Sistèm Otomatik Pri Tikè nou yo ofri enstwiksyon odyo ak vizyèl nan lang Angle, Panyòl, ak Chinwa.
- Anplwaye sèvis kliyan nou yo ak monitè sant nou yo disponib pou ede kliyan ki pa maton nan lang Angle.

## **Kisa ou ta dwe fè si ou vle pote plent?**

N ap kontan resevwa tout kòmantè ak sijesyon pou amelyorasyon sèvis nou epi n ap konsidere yo.

Ou kapab:

- Soumèt kòmantè, sijesyon, oswa plent ou yo ba Depatman Kominikasyon ak Kliyan (Customer Communications) nan imèl sou sit wèb **[www.mbta.com](http://www.mbta.com)**; oswa
- Voye yon lèt nan Depatman Kominikasyon ak Kliyan MBTA, Ten Park Plaza, Room 5610, Boston, MA 02116; oswa

- Rele Depatman Kominikasyon ak Kliyan MBTA nan (617) 222-3200.
- Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon lòt kalite fòm dokiman sa a, tanpri rele nou nan (617) 222-3200, TTY (617) 222-5416, oswa ale nan sit wèb **www.mbta.com**.

Lè w ap soumèt plent yo, tanpri mete enfòmasyon pou yo kontakte w ak detay ensidan: lè ensidan an te pase, ki kote, kilè ak non, adrès, nimewo telefòn, ak adrès elektwonik temwen yo.

## **N ap kontan resevwa kòmantè ou!**

MBTA pran angajman pou ofri sèvis transpò ki sennesòf, efikas, ak bon kalite pou tout kominote n ap sèvi yo. Si w genyen kòmantè oswa sijesyon sou fason nou kapab fè amelyorasyon sou angajman nou pou pa genyen okenn diskriminasyon nan sèvis nou yo, oswa sou fason nou kapab pi byen satisfè bezwen kliyan nou ki pa maton nan lang Angle, nou ta renmen tande vwa ou.

Desanm 2010